



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CLINTON SQUARE NAN ALBANY KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON KAPITAL LA NAN KAD TWAZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a ap kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la nan Rejyon Kapital pou revitalize Katye Clinton Square nan Albany*

*Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la*

*Investisman pou Revitalizasyon Anba Lavil yo Se Yon Pati Krisyal nan Estrateji Global Rejyon Kapital la pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse katye Clinton Square nan Vil Albany pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Kapital la nan kad twazyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan de premye faz DRI a yo, yo chwazi yon minisipalite nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm yon gayan 10 milyon dola, sa ki ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo ap transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik kote pwochè jenerasyon moun New York yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

“Vil Albany deja sèvi kòm yon destinasyon sant vil ki pwospè, epi finansman 10 milyon dola sa a pral atire plis nouvo antrepriz, rezidan ak vizitè ankò pou pote vrè chanjman nan katye a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kòm yon pòt istorik pou rive nan kè vil la, Clinton Square nan Albany se yon kandida ideyal pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil. Mwen felisite Vil Albany ak lidè li yo paske yo kreye yon plan ki pral gen yon enpak dirab sou kominote sa a ki merite sa, pou jenerasyon k ap vini yo.”

“Katye istorik Clinton Square nan Albany se yon pòt devan pou kapital eta nou an, epi investisman sa a pral asire kominote a ka avanse pwojè revitalizasyon ki enpòtan”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan konsantre sou kreye chanjman ki dirab nan sant vil nou yo ak nouvo travay, antrepriz, epi lojman kòm pati efò kontini nou yo pou estimile ekonomi lokal yo atravè eta a. Rejyon Nò New York ap fè pwogrè ki san parèy, epi nou apèn kòmanse.”

## **Katye Clinton Square nan Albany**

Gras ak prim DRI sa a, Vil Albany pral konsantre sou rann Clinton Square yon pòtay akeyan pou vil kapital la. Zòn sa a ki konpak ak epi ou ka mache ladan l, rich an istwa, bagay atistik ak richès kiltirèl epi ki tou prè Rivyè Hudson, se la senk zòn investisman nan vil la konvèje. Clinton Square plase pou li vini yon pòtay pwospè nan distri a epi yon sant distenktif ki konekte ak katalize aktivite nan sant vil la ak nan Distri Warehouse la. Elan an pral pwopaje nan katye Arbor Hill ak Sheridan Hollow atravè amelyorasyon enfrastruktik piblik, devlopman pwojè prive ak investisman ki eksitan nan domèn atistik ak divètisman. Vil la imajine revitalizasyon Clinton Square pral benefisye alafwa vizitè ak rezidan atravè devlopman entèkalè, amelyorasyon koridò, ak pwojè revitalizasyon lojman ki sible.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Kapital la (Capital Region Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi li te konsidere tout yuit kritè ki anba la yo anvan yo rekòmande Clinton Square nan Albany kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo;
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Clinton Square nan Albany nan kad twazyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman pou revitalize katye sant vil li yo epi kreye nouvel opòtinite pou kwasans alontèm. Katye a kounye a relye Vil Glens Falls ak Hudson, ki se te gayan Rejyon Kapital la nan premye ak dezyèm Etap DRI, respektivman.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare,** “Zòn Clinton Square nan Vil Albany prè pou devlopman epi investisman 10 milyon dola Eta New York pral eksplwate popilarite kwasan Distri

Warehouse lan ak katye avwazinan yo pou ankouraje devlopman ekonomik ak opòtinite”.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare,** “Vil Albany ta dwe fyè akòz reyalizasyon enpòtan sa a. Katye Clinton Square la se yon sant aktivite pou vil la, epi investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral anonse yon nouvo peryòd kwasans entelijan ak devlopman ekonomik pou Albany”.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, investiman k ap fèt sou direksyon kominote sa yo pral melanje ak investisman 288 milyon dola HCR ap fè nan Rejyon Kapital a pandan dènye setan ki sot pase yo ki te kreye lojman abòdab pou apeprè 9,480 rezidan pou ede asire ke ekonomi Albany lan devlope, epi tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe. Nan Eta New York, nou chance pou nou gen yon Gouvènè ki konprann jan pou konstwi reyisit ekonomik enkliziv alontèm”.

**Senatè Neil D. Breslin te di,** “Sa a se yon bèl nouvèl pou Vil Albany ak tout Rejyon Kapital la. Clinton Square nan Albany prè pou revitalizasyon, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li kreye Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil, sa ki kreye vrè amelyorasyon nan vil tankou Albany atravè eta a”.

**Manm Asanble Patricia Fahy te di,** “Gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, Albani chita nan pa pòt plis kwasans, devlopman ak travay. Sant Vil istorik Albany ak katye Clinton Square gen yon pase ki enpòtan, epi investisman sa a ak vòt konfyans sa a nan Albany asire yon fiti ki briyan ak rezistan”.

**Manm Asanble, John T. McDonald III, te deklare,** “Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pou Vil Albany an pral rete transfòmatif non sèlman pou vil la men pou Rejyon Kapital la. Vil Kapital la se lokal ideyal pou ofri investisman sa yo ak resous sa yo. Aspè ki pi enpresyonan nan plan Vil Albany an se paske li reflekte yon kominote ki baze sou yon pwosesis angajman epi opinyon yo te ofri nan charèt te enpòtan nan sikse jeneral aplikasyon an ansanm ak yon konsantrasyon sou aspè atistik, kilti, ak prezèvasyon istorik. Mèsi a Gouvènè Cuomo, Lyetnan Gouvènè Hochul, Eta a ak patnè lokal yo, epi kominote Albany an paske yo devlope plan sa a epi paske yo pèmèt li vini reyaliite”.

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Rejyon Kapital la Ruth H. Mahoney te deklare,** “Nou kontan paske yo te chwazi Albany kòm benefisyè DRI pou Rejyon Kapital la. Kiltirèlman vil lan rich ak divès, ak yon istwa solid konsènan patenarya piblik ak prive pou lanse ak pwomouvwa kwasans ekonomik pou avantaj tout moun. Pwojè gayan ane sa a pral kontinye avanse Albany kòm sant ekonomik rejyon nou an, asire vil la ka atire, devlope ak kenbe pwochen jenerasyon travayè an lè yo sipòte pwogram fòmasyon ki itil, kreye bèl opòtinite travay ak konstwi katye vibran moun ap fyè pou yo rele kay yo”.

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te di,** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, pandan l ap pote investisman sible bay sant iben yo, gen efè segondè atravè tout konte a ak rejyon an. Mwen fyè de travay nou te fè nan Konte Albany pou nou lanse revitalizasyon sant vil gras ak investisman 20 milyon dola nou an

pou mizajou nan Sant Times Union (Times Union Center). Sa te kondwi a yon patenarya ak Eta New York epi Otorite Sant Konvansyon (Convention Center Authority) an pou kreye Sant Kapital Albany (Albany Capital Center) nou an. Epi jodi a n ap konstate pwochen etap pandan revitalizasyon an ap monte nan nò sou Pearl Street. DRI finanse pwojè yo epi yo pral amelyore kalite lavi ak rann Albany yon meyè zòn pou viv, travay ak vizite”.

**Majistra Albany a Kathy Sheehan te deklare,** “Vil Albany eksite paske li ranpòte nouvo etap nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an. Nou prè pou investisman sa a, ki pral amelyore katye Clinton Square ak pi lwen. Nan yon ti tan nou pral wè pwojè global, ki entelijan ap pran lavi nan kominote a, sa ki pral gen enpak atravè tout Albany ak Rejyon Kapital la. Sa a se yon bèl jou pou Vil Kapital la”.

**Prezidan Capitalize Albany Corporation lan, Sarah Reginelli te di,** “Investisman sa a se yon gwo viktwa pou Albany, lè li ofri yon vil ki merite l finansman ki nesèsè pou revitalize katye sant vil sa a ki plen potansyèl. DRI sa a ki finanse pwojè yo pa pral non sèlman atire plis vizitè nan vil kapital la, yo pral amelyore kalite lavi onivo lokal epi rann Clinton Square yon premye destinasyon pou nouvo antrepriz ak rezidan. Nou enpasyon pou nou wè efè pozitif prim sa a pral genyen sou kominote nou an, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li an vè vil lan”.

Albany pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pou Clinton Square lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik pou Clinton Square pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou twazyèm faz DRI a pral fin konplete an 2019.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou [www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative](http://www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)